# Сочинение

# «Дир рахьдал мац1»

**Автор : Мух1амадова Мадина** - **Буртабазул гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул ц1алдохъан.**

Сочинение.

Дир рахьдал мац1.

Дир маг1арул мац1,

Дир эбелалъ бицунеб,

Дун гьит1инай йик1аго,

Т1оцебе г1инда ч1вараб.

Дир кинидахъ эбелалъ

Сариналги ах1араб,

Дуе бет1ер къулила,

Бокьулеб маг1арул мац1.

Щивав чиясе бокьула жиндирго миллатги, живго вижараб ракьги, гьеб ракьалъул г1адамалги, г1адаталги, т1ок1алъго жиндирго г1агараб мац1ги. Дун гьаюна ва г1уна рииги гьогьомараб, гьаваги бац1ц1адаб, лъимги ц1орораб, т1угьдулги берцинал, васалги кьварарал, ясалги х1алимал, ич1ц1ул бихханиги, ц1илъараб, бах1арчияб Буртунай росулъ, маг1арулазул хъизаналда. Дун ц1акъ йохарай йиго маг1арулай ятиялдаса, ай маг1арул мац1алдаса ва ц1аралдаса.

Жеги х1ат1азде яхъинч1ей дие эбелалъ маг1арул мац1алда кинидахъ куч1дул ах1улаан. Гьел уч1дуз дие дунялалдаго рокьи бижизабулеб бук1ана. Дун хекко х1ат1иде яхъана, ва т1оцебе дида маг1арул мац1алда абизе лъараб раг1и ккола «эбел». Гьеб раг1иялдаса къиматаб жо дие гьаб дунялалда цониги гьеч1о. Дида дагь-дагьккун маг1арул мац1 бицине лъана...

Школалда ц1алулеб мехалъ, дида бич1ч1ана дир г1агараб маг1арул мац1алъул бечелъи, камиллъи ва пасих1лъи. Гьениб дица лъазабуна Мух1амад Г1умаровас хъвараб «Рахьдал мац1» абураб кеч1. Гьеб коч1ол раг1аби дида киданиги к1очон теларо:

Гъазимух1амад, Х1амзат,

Х1икматав Имам Шамиль

Авараль к1алъалаан

Малъе, эбел, рахьдал мац1.

Дир маг1арул мац1алде дагьабги ц1акъ рокьи бижизабуна Дагъистаналда ругел маг1арул миллаталъул бах1арзазул х1акъалъулъ асарал ц1алараб мехалъ.

Гьединго маг1арул мац1алъул пасих1лъи, т1ок1лъи дида бихьана маг1арул хъвадарухъабаз ва шаг1ирзабаз хъварал асаразулъ. Гьез дие дагьалги рокьизарула г1агарал муг1рул, т1огьол ц1урал байдаби, хехал лъарал, дир г1агараб ракь ва г1агараб рахьдал мац1.

Школалда дие бищунго бокьула авар литератураялъул дарс ,ва гьеб дарс кьолей муг1алим   Мадинат М ух1амадовна. Диеги бокьун буго авар литература кьолей муг1алимлъун яхъине, гьелъго г1адин, бечедаб маг1арул мац1 лъималазда малъизе.

Жакъа нилъеда г1емер дандч1вала г1агараб маг1арул мац1 заг1ипго гурони лъаларел г1адамал. Жиндир г1агараб мац1 лъангут1и ккола инсанасул рух1ияб мискинлъи, нахъеккей. Нилъер г1алимзабаз, хъвадарухъабаз к1удияб к1вар кьолеб буго рахьдал мац1алъул къадру борхизабизе, гьеб цебет1езабизе.

Жакъа маг1арул мац1алда рахъула т1ахьал, газетал, журналал, маг1арул мац1алда к1алъала радиоялдасан дикторал ва маг1арул театралъул артистал.

Дие сочинение лъуг1изабизе бокьун буго ц1ар раг1арав шаг1ир Расул Х1амзатовасул раг1абаздалъун:

Метер маг1арул мац1 хвезе батани,

Хваги дун жакъаго, жаниб рак1 кьвагьун.

Щай дие гьал муг1рул, г1урул раг1алда

Г1агараб маг1арул кеч1 раг1ич1онани.